# «ШЫФ1 ЗИ1ЭМ ДАМЭ ТЕТЩ».

## (Адыгэшым теухуауэ)



ГБОУ «ДАТ»
Солнечный город
лицейм и 8-нэ « Б»
классым щеджэ
Шырыкъу Ринэ и
презентацэ

# Адыгэ 1уэры1уатэмрэ тхыдэ хъыбархэмрэ къыхэщыж шы ц1эры1уэхэр



- Тхъуэжьей(Сосрыкъуэ)
- Джэмыдэжь(Щэуей)
- Бэдынокъуэ и шыр



Жэманшэрыкъ (Андемыркъан)



# Адыгэ литературэм къыхэщцыж шы ц1эры1уэхэр



- Налмэс()

# Адыгэшым и теплъэр

- **Адыгэш псоми зэщхьу яхэлът: щхьэгъурт (блащхьэм хуэдэу), жьэпхъэбгъухэр бгъуфӏэт, пэщхъын быхъут, тхьэкӏумэ дзасэт, нэ пӏащэ-нэ къилыдыкӏт, пщэ задэ кӏыхьт,я сокур лъэныкъуэкӏэ тегъэщӏат, я бгъэр зэлъы1ухат, бгъуэт, фӏалъэ лъакъуит1 зэхуакур быхъут, плӏэшхт, псыгъуэт, лъащхьэ лъагэт,лъэдакъацэтэкъым, шылъэгу дыгъуэ вабдзэкумбт, кӏэпкъ псыгъуэ кӏэщӏт. А псоми я щӏы1ужкӏэ шы лъэпкъ къэс хьэлыфӏу яхэлъ бэшэчагъыр, лъэрызехьагъыр, псынщӏагъыр, губзыгъагъыр, 1ущагъыр. Я лъагагъыр метрэрэ ныкъуэрэ хъурт.**



# «Адыгэш къабзэу сэ си шагъдий…»



- Адыгэш къабзэу сэ си шагъдий,
- Шыщхьэмыгъазэу зынэукъуэдий!

# Адыгэхэм шыр зэрагъасэу щытар




- Адыгэхэм шыр зэрагъасэу щытами гъэщӏэгъуэн куэд дэслъэгъуащ. Абыхэм илъэсым тӏэу шым щэрэ лырэ кърагъащтэрт: япэу гъэмахуэ
- хуабэр къэмыс щӏыкӏэ, етӏуанэу щӏымахуэ уаер къимыхьэ щӏыкӏэ.
- Шыр бо кӏыфӏым щӏаубыдэрт, гъудэбадзэр зэран къыхуэмыхъун щхьэкӏэ. Япэ щӏыкӏэ зы тхьэмахуэкӏэ зэнтхъыр мащӏэ-мащӏэурэ иратырт. Иужькӏэ чейм изу хуагъэувырт, хуэшхым хуэдиз ишхыу. Тхьэмахуищ-плӏыкӏэ апхуэдэу ягъашхэрт. Пщэдджыжь къэс и кӏэр, и ныбэ лъабжьэр, и лъакъуэхэр ятхьэщӏырт. И щӏыфэр махуэм тӏэу ялъэщӏырт. Мазэ дэкӏа нэужь, шыгъэшхар махуэ къэс къыщӏашурэ кърагъэкӏухьу, мащӏэу кърагъэжыхьу, псы щӏыӏэм щэ-плӏэ хагъыхьэ-хагъэкӏыу хуежьэрт. Апхуэдэ щӏыкӏэкӏэ шыр япсыхьт. А зэманым абы зэнтхъым нэмыщӏ хьэи хуи иратт. Шым и фэр дахэу, цӏууж щытын щхьэкӏэ, сабынкӏэ е джэдыкӏэкӏэ ягъэпскӏырт.



# Адыгэш лъэпкъхэр



- **Адыгэш лъэпкъхэм хохьэ:** ***Абыкъу, Ачэтыр, Бэчкъан, Дзыгъуафэ, Егъэн, Есэней, Жэращты, Кърымщокъал, Къундет, Лоу, Натıэгъуджэ, Трамэ, Хьэгъундокъуэ, Шагъдий, Шэджэрокъуэ, Щолъэхъу, Чыпылу.***

# Шы плъыфэхэр

Брул (щхъуэ)-чубарая
Гъуэ, 1эпап1э хэлъу-рыже-чубарая
Гъуэ зэфэзэщ-рыжая
Къарэ (ф1ыц1э)-вороная
Къэбыфэ (гъуэ, и сокури и к1эри ф1ыц1эу)- гнедо-пегая
Къуэлэн-гнедо-пегая
Пщ1эгъуалэ (хужь)-серая
Пц1эгъуэплъ (плъыжь)-гнедая
Пц1эгъуэплъ-гыныхуфэ –светло-гнедая






# Шы пц1агъуэплъ(рыжая)



# Шы къарэ(вороная)



# Къэбыфэ

- (гъуэ, и сокури и кӏэри фӏыцӏэу)- гнедо-пегая



# Адыгэшым и кӏуэкӏэхэр:





Фото 5. Же







Лъэбакъуэ
Лъэхъу
Есыр
Ущ
Хьэмк1э

# Адыгэшым теухуа псалъэжьхэр



4. Шыр тесым егъэдахэ.
5. Шыф1 зи1эм дамэ тетщ.
6. Шыф1ыр ныбжьэгъуф1ым хуэдэщ.
7.Шым и къуэгъурэ л1ым и гъуррэ.



1. Адыгэшрэ л1ы бэшэчрэ.
2. Адыгэм и ныбэр егъэныкъуэри и шым и ныбэр екъу..
3. Брулым шибл и к1уэк1э хэлъщ.

# Кӏэух псалъэ

- 1.Адыгэшыр дуней псом щыцӏэрыӏуэщ и дахагъымрэ и бэшэчагъымкӏэ, и ӏущагъымрэ пэжагъымкӏэ.

- 2. Адыгэлӏыр зыгъэбжьыфӏэу щыта адыгэшыр диӏэжынукъым ар дымыхъумэмэ. Нобэ ар кӏуэдыжыпэнкӏэ шынагъуэ щыӏэщ. Щолэхъу лъэпкъыр кӏуэдыжыпакӏэщ. Шагъдийр кӏуэдыжыным нэсащ.

- 3.«Шыфӏыр лӏыгъэм и ныкъуэщ» жеӏэ адыгэ псалъэжьым. Ар къуэшыфӏым хуэдэу ялъытэуи щытащ, абы къыхэкӏыу адыгэшым пщӏэ хуэтщӏу, фӏыуэ тлъагъуу, дгъэбагъуэу, дыкъызыхэкӏа лъэпкъыр дгъэбжьыфӏэу дунейм дытетын хуейщ.

- 4.Шыщхьэр пӏэщӏэкӏауэ, шыкӏэм укӏэлъыӏэбэжкӏэ улъэӏэсыжынукъым, нобэ адыгэшыр къызэзыгъэпэщыж, абы иригузавэ дэтхэнэми фӏыщӏэшхуэ хуэфащэщ. Апхуэдэ щӏалэщ Егъэн Ибрэхьим. Абы лэжьыгъэшхуэ ирехьэлӏэ адыгэшыр зэгъэпэщыжыным, и гуащӏэ емыблэжу, и зэмани щымысхьу апхуэдизу цӏэрыӏуэу щыта адыгэш къабзэр зэфӏэгъэувэжыным хузэфӏэкӏ псори ирехьэлӏэ. Икӏи а лэжьыгъэ мытыншыр абы къехъулӏэу къызолъытэ. «Шыфӏ зиӏэм дамэ тетщ» зыхужаӏэхэр Ибрэхьим хуэдэ щӏалэхэращ.